



**Joel I. Klein**  
Chancellor

**Kathleen Grimm**  
Deputy Chancellor

Septanm 2010

Chè Paran ak Gadyen legal,

Nou vle pwofite pran okazyon sa a pou ranseye w osijè yon pwogram federal ki ka fè fanmiy ou ekonomize plis pase 250\$ pou yon ane pou chak nan pitit ou yo lè yo bay pitit ou manje nourisan ki gen bon gou. Pwogram lan se Pwogram nasyonal pou manje midi nan lekòl *National School Lunch Program* (NSLP). Li ofri manje midi gratis ak manje midi pou pi piti lajan ba timoun sa yo ki nan yon kay kote kantite lajan ki rantre nan limit revni yo mete nan kèk direktiv administratif. Ekspè rekonèt ke elèv ki manje bagay nourisan pi byen prepare pou aprann.

Timoun ki abite nan kay ki satisfè revni ki nan direktiv federal sou revni ap kalifye pou manje gratis oswa pou pi piti lajan. Pou yon paran oswa yon gadyen detèmine kalifikasyon pitit li, li dwe ranpli yon Aplikasyon pou manje nan lekòl epi soumèt li. Yo distribiye aplikasyon yo nan lekòl nan kòmansman ane lekòl epi yo revize yo paran yo soumèt yo. Si l pi bon pou ou, ou ka ale tou sou entènèt nan ACCESS NYC sou sit [www.nyc.gov/accessnyc](http://www.nyc.gov/accessnyc) pou ranpli yon aplikasyon pou tout timoun ou yo nan fanmiy ou ki gen laj pou ale lekòl.

Elèv ki abite nan kay ki pa soumèt yon aplikasyon ap sipoze peye pri regilye 1,50\$ pou chak manje midi yo sèvi yo nan lekòl nou yo. Anvan yo soumèt yon aplikasyon pou yon elèv, yo repòte *status* pri manje midi elèv la pou ane eskolè ki sot pase a. Yon elèv, ke yo te klase kòm yon elèv ki gen pou peye pri regilye pou manje midi ane dènyè, dwe peye 1,50\$ pou manje midi premye jou lekòl la menmsi fanmiy elèv la gen yon pwoblèm lajan poutèt resesyon nasyonal la. Kidonk, n ap ankouraje tout fanmiy soumèt yon nouvo Aplikasyon pou Manje nan lekòl touswit pou adapte kalifikasyon lekòl pitit yo ye a avèk sitiyasyon ekonomik yo. Metsousa, dat limit pou soumèt yon aplikasyon pou ane lekòl 2010/11 se 18 oktòb 2010. Tout timoun ki pa soumèt yon aplikasyon ap gen pou peye pri regilye pou manje midi yo kèlkeswa *status* yo endike pou ane lekòl 2010/11 apati 25 oktòb 2010.

Si w ta renmen yo ede w ranpli Aplikasyon pou Manje nan lekòl oswa si w bezwen yon nouvo aplikasyon, tanpri kontakte kowòdonatè paran nan lekòl pitit ou ye a, oswa telefone *Office of SchoolFood Help Desk* nan (718) 707-4400. Anpil direktè deziyen yon moun nan estaf lekòl la pou reprezante espesyalis lekòl la pou pwoblèm ki gen pou wè ak pwogram NSLP.

Ak senserite,

A handwritten signature in blue ink that reads 'Kathleen Grimm'.

Kathleen Grimm

52 Chambers Street • Room 320 • New York, NY 10007  
Telephone: 212-374-0209 Fax: 212-374-5588

T&I-14444 (Haitian Creole)